



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 3/9/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MEZI RANFÒSMAN STOP DWI PANDAN JOU SAINT PATRICK SA

Lapolis Eta New York ap fè chofè yo sonje pou yo pa bwè alkòl epi kondwi pandan jou St. Patrick sa

Pwojè a ap kòmanse nan Samdi 12 Mas e lap dire jiska Jedi 17 Mas

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Lapolis Eta New York ak lapolis lokal pral inisyè efò ranfòsman spesyal pandan wikenn jou St. Patrick's la pou retire chofè ki sou enfliyan alkòl sou wout yo apati wikenn sa a. Pwojè a ap kòmanse nan Samdi 12 Mas e lap dire jiska Jedi 17 Mas. Pandan tan sa, chofè yo kapab atann yon kantite pwèn kontwòl baraj woutye, patwouy DWI adisyonèl ak minè ki anbazaj kap bwè alkòl detaye pandan kanpay la. Lapolis Eta pral egalman bay kontravansyon a chofè distrè yo kap itilize yon aparèy elektwonik pòtatif.

“Lapolis Eta ak lapolis lokal kap fè respekte lalwa ap deyò anfòs nan jou kap vini yo pou ede asire yon jou konje ki san danje ,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Eta sa gen zewo tolerans pou kondwit neglijan ak sou enfliyan alkòl e mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou selebre responsableman nan fason pou ede anpeche trajedi inital.”

Pandan Wikenn Jounen St.Patrick 2015 la Lapolis Eta te fè 264 arestasyon pou chofè kap kondwi sou enfliyan alkòl e yo te bay yon total 14,000 kontravansyon.

Sipè-entandan Lapolis Eta New York Joseph D'Amico te deklare, “Lapolis Eta New York vle pou tout moun gen yon plan pandan wikenn jou St.Patrick la. Si ou planifye pou bwè tanpri chwazi yon chofè ki gen tèt klè. Yon jou selebrasyon ka rapidman tounen an trajedi akòz de chofè yo kap kondwi sou enfliyan alkòl. Ede nou kenbe wout New York yo pi ansekirite nan peyi a nan planifye alavans pou rete ansekirite.”

Prezidan pa Entèrim Komite Sekirite Trafik Gouvènè a ak Komisyonè Egzekitif Adjwen Depatman Motè Veyikil Terri Egan te deklare, “Otomobilis yo pa sèlman riske pwòp lavi yo lè yap kondwi epi yo bwè alkòl– yo mete tout moun sou wout la andanje, enkli sila yo kap mache ak monte bekann. Nou remèsye patnè lapolis nou yo paske yo rete vijilan nan lit kont chofè kap kondwi sou enfliyan alkòl, e mwen ankouraje Nouyòkè yo pou yo fè patisyon pa yo nan asire ke tout moun rete ansekirite sou wout yo pandan Jou St. Patrick sa.”

Jounen St. Patrick la se yon jou konje ki gen plis ka lanmò akòz de kantite chofè ki sou enfliyans alkòl sou wout la. Pandan wikenn St. Patrick la soti nan 2010 pou rive nan 2014, te gen yon total 266 moun ki te mouri nan aksidan akòz chofè kap kondwi sou enfliyans dapre Administrasyon Nasyonal Sekirite Trafik Otowout. Nan 2014, sèlman, 29 moun (28 pousan nan tout lanmò pa aksidan) te fèt of all crash fatalities) te mouri nan aksidan ki te gen rapò avèk alkòl pandan peryòd sa.

Chwazi pou kondwi sou enfliyans alkòl ka mete fen nan lavi w oswa yon lòt moun. Moun yo ki chwazi pou bwè epi kondwi anmenmtan ka ale nan prizon, pèdi lisans yo, ak to asirans ki pi elve, ak plizyè douzèn depans enprevi. Yon penalite pou kondwi sou enfliyans alkòl gen ladan yon amann de \$10,000.

Komite Sekirite Trafik Lapolis Eta New York Gouvènè ak Administrasyon Nasyonal Sekirite Trafik Otowout rekòmande etap sa ki annapre pou pwofite yon jou konje san yo pa mete lavi andanje sou wout la.

- Anvan festivite yo kòmanse, planifye yon fason ansekirite pou rantre lakay ou nan fen sware a.
- Anvan ou kòmanse bwè, chwazi yon chofè ki gen tèt klè epi kite kle machin ou lakay li.
- Si ou afebli, itilize yon taksi, rele yon zanmi oswa manm fanmi ki pa sou enfliyans, oswa itilize transpòtasyon piblik kidonk ou sèten ke wap rantre lakay ou ansekirite.
- Si disponib, itilize pwogram kondwi avèk tèt klè kominote a
- Mache sou enfliyans kapab osi danjere ke kondwi sou enfliyans. Deziyen yon zanmi ki pa sou pou mennen w lakay ou.
- Si ou remake yon chofè ki sou enfliyans sou wout la, rele depatman lapolis lokal la. Ou kapab sove yon vi.

Pwojè sa finanse pa Komite Sekirite Trafik Gouvènè.

###

Wap jwenn lòt nouvèl adisyonèl nan www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418